

Aplike pou Benefis Piblik

Sityasyon Imigrasyon:

Ou menm ak fanmi ou gen estati imigrasyon yo rele "Kiben/Ayisyen ki Antre" (CHE). Sa vle di ke ou se moun ki gen nasyonalite Kiben oswa Ayisyen kounye a nan pwosedi imigrasyon ak swa Tribinal Imigrasyon Ameriken an oswa Biwo Azil la. Antanke Kiben/Ayisyen ki Antre, gen anpil chans ke ou **PAKO** otorize pou travay nan peyi Etazini epi gen anpil chans ke ou **PAKO** kalifye pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal ki pa pou travay. Si ou te depoze yon Aplikasyon pou Azil ak **Retansyon Retire** (Fòmilè I-589) bò kote U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) (Sèvis Sitwayènte Ameriken ak Imigrasyon), ou ta dwe gen tan resevwa yon "Akize de Resepsyon" (Fòmilè I-797, Notice of Action) (Avi sou Aksyon). Si ou te travèse fwontyè a epi te finalman lage sou pwòp rekonesans ou oswa libète kondisyonèl pandan w ap tann pwosedi ekspilsyon devan Tribinal Imigrasyon Ameriken, ou ta dwe resevwa nan men Department of Homeland Security (DHS) (Depatman Sekirite Teritwa) "Notice to Appear" (Avi pou Parèt) (Fòmilè I-862), "Order of Release on Recognizance" (Òdonans Liberasyon sou Rekonesans) (Fòmilè I-220A), Fòmilè I-94 "Arrival/Departure Record," (Dosye Arive/Depa) ak/oswa DHS "Interim Notice Authorizing Parole." (Avi pwovizwa ki otorize libète kondisyonèl.)

Wòl Jesyonè Dosye w la:

Jesyonè Dosye w la pa ekipe oswa pèmèt pou ba ou okenn konsèy legal oswa pou ba ou èd nan prepare oswa ranpli fòmilè imigrasyon legal yo. Nou fòtman rekòmande ou kontakte yon avoka Imigrasyon ke ou chwazi pou pale plis sou ka imigrasyon ou ak pwochen etap yo ke ou dwe pran. Si ou pa konnen okenn avoka imigrasyon oswa reprezantan legal, tanpri mande Jesyonè Dosye w la pou yon lis enfòmasyon kontak founisè sèvis legal a bi non likratif nan eta Massachusetts ki espesyalize nan lwa imigrasyon.

Jesyonè Dosye w la ap kapab konseye w epi ba w enfòmasyon sèlman sou zafè ki gen rapò ak kalifikasyon ou, aksè a, ak aplikasyon pou benefis piblik tradisyonèl ak sèvis endikap, osi byen ke refere w bay lòt sèvis sipò ki disponib ak/oswa resous kominotè yo.

Benefis Piblik:

"Kiben/Ayisyen ki Antre" ki gen timoun minè yo kalifye pou twa (3) kalite benefis:

Nan men Massachusetts Department of Transitional Assistance (DTA):

- SNAP (Supplemental Nutrition Assistance Program) (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman) – *yo rele tou "Food Stamps"*
- TAFDC (Transitional Assistance for Families with Dependent Children) (Asistans Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan) – *yo rele tou "Cash benefits"*

Nan men Massachusetts Office of Medicaid:

- Mass-Health pwoteksyon asirans medikal konplè (Mass-Health Standard, CarePlus, oswa Children’s Medical Security Plan)

Nou rekòmande w pou aplike pou Mass-Health nan lopital lokal ou a oswa nan sant sante kominotè ou pou w ka jwenn aksè a Swen Ijans nan depatman Swen Ijan nan etablisman sa a oswa nan klinik san randevou pandan ke w ap tann aplikasyon Mass-Health ou a trete epi apwouve. Pou lokal yo ak enfòmasyon sou kontak lopital ak sant sante kominotè nan zòn ou an, tanpri mande jesyonè dosye w la. Ou ka aplike tou pou Mass-Health sou entènèt nan: <https://www.mass.gov/how-to/apply-for-masshealth-the-health-safety-net-or-the-childrens-medical-security-plan>

Lè ou aplike pou benefis piblik yo, ou pral oblije soumèt dokiman ki mansyone sa yo pou pwouve benefis ou-kalifye pou sityasyon “Kiben/Ayisyen ki Antre”:

- (1) yon dokiman ki montre ke ou gen sitwayènte oswa nasyonalite Kiben oswa Ayisyen (pa egzanp, yon Paspò Ayisyen, Lisans Chofè, oswa Batistè);

epi swa

- (2)(a) dokiman ou te resevwa yo lè ou te lage nan prizon DHS sou fwontyè a (pa egzanp: Fòmilè I-862 DHS *Avi pou parèt ak/oswa Fòmilè I-220A DHS Lage sou Pwòp Rekonesans*);

oswa

- (2)(b) yon dokiman ki montre ke ou te depoze yon aplikasyon pou azil (pa egzanp: Fòmilè I-797 DHS, *Avi sou Aksyon/Resi Akize de Resepsyon Aplikasyon pou Azil*).

Enstriksyon Aplikasyon pou TAFDC

Biwo DTA yo louvri kounye a pou aplikasyon an pèsòn. Ou kapab jwenn lokal biwo DTA w l nan itilize sit entènèt sa a: https://www.mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations?_page=1

Pou w aplike sou entènèt, swiv enstriksyon anba yo – TANPRI LI AK ATANSYON!

Ranpli yon sèl aplikasyon pou yon fanmi

Itilize enfòmasyon Manman/Madanm kòm aplikan prensipal oswa tèt fwaye a

- Ale nan <https://dtaconnect.eohhs.mass.gov/>. Ou ta dwe rive nan yon paj ki sanble ak sa ki anba a. Si English (Anglè) se pa lang prensipal ou, ou ka chanje li lè w chwazi lang pa ou nan kwen dwat anlè a.



Pandemic EBT (P-EBT) can help families buy food while schools are closed due to COVID-19. [Click here](#) if you got a P-EBT card and need help setting up a PIN. If you do not get SNAP benefits, you have a right to apply. See this page for information.



Massachusetts DTA

English

Login

Help get the food you need
1 out of 9 people in Massachusetts receive SNAP benefits. Apply for SNAP in 20 minutes or less.

Applying for Cash Benefits?
Your family must meet certain requirements to get Transitional Aid to Families with Dependent Children (TAFDC) — Click [here](#) to find out more.

Apply TAFDC!

You must meet certain requirements to get Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children (EAEDC) — Click [here](#) to find out more.

- Klike sou “Apply TAFDC!”



Pandemic EBT (P-EBT) can help families buy food while schools are closed due to COVID-19. [Click here](#) if you got a P-EBT card and need help setting up a PIN. If you do not get SNAP benefits, you have a right to apply. See this page for information.



Massachusetts DTA

English

Login

Help get the food you need
1 out of 9 people in Massachusetts receive SNAP benefits. Apply for SNAP in 20 minutes or less.

Applying for Cash Benefits?
Your family must meet certain requirements to get Transitional Aid to Families with Dependent Children (TAFDC) — Click [here](#) to find out more.

Apply TAFDC!

You must meet certain requirements to get Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children (EAEDC) — Click [here](#) to find out more.

- Klike sou “Get Started”

English

How does applying work?
Initial Application for TAFDC
Sign & submit

Before you start

In response to the recent state of emergency, the Department is temporarily allowing individuals to begin an application for TAFDC online. Please fill out the following questionnaire and a DTA representative will call you to complete your application.

If they apply to you, have these numbers handy!

- Birth date
- Social Security Number
- Incomes

Go Back Get Started

Need help or have feedback?
[Contact us](#)
[Site Policies](#)
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

- Reponn kesyonè a avèk enfòmasyon pèsonèl ou. SONJE KE – Si Manman/Madanm prezan itilize enfòmasyon pa li.
 - Lè yo mande pou w bay yon Nimewo Sekirite Sosyal, klike sou “I don’t have one” Mwen pa gen youn

Initial Application for TAFDC

What is your first name? (Required)
Mark

What is your middle name?

What is your last name? (Required) Suffix
Rossi

What is your date of birth? (Required)
Day: 01 Month: January Year: 2000

What is your Social Security Number?
Noncitizens who are not applying for TAFDC do not need to give their SSN or citizenship status.
I don't have one

Do you have an Agency ID?

Need help or have feedback?
[CONTACT US](#)
[Site Policies](#)
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

- Si ou te aplike pou benefis nan DTA anvan sa a, antre nan "ID Ajans" ou, sinon kite li vid
- Mete adrès aktyèl ananm ak nimewo apatman an.

- Mete nimewo telefòn ou. SONJE - telefòn nan dwe aktif epi ou DWE kapab resevwa apèl telefònik
- Chwazi "Kreyòl ayisyen" kòm lang ou pale epi konprann. Yap ba ou yon entèprèt Kreyòl Ayisyen

dtta

✓ How does applying work?

Initial Application for TAFDC

Sign & submit

Do you have an Agency ID?

What is your address? (Required)

Street Address
10 Test Street

Zip City State
00000 Boston MA

What is the best phone number to reach you? (Required)
617 000 0000

What is your email address?
Test@gmail.com

What language do you prefer to speak? (Required)
Haitian Creole

Are you pregnant?
 Yes No

Need help or have feedback?
[Contact us](#)
[Site Policies](#)
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

- Apre ou fin reponn tout kesyon yo klike "Continue"

dtta

✓ How does applying work?

Initial Application for TAFDC

Sign & submit

Are you pregnant?
 Yes No

Do you have any children under 18 living with you? (Required)
 Yes No

Do you have any money in the bank? (Required)
 Yes No

Do you require any assistive technology(TTY)?
 Yes No

Do you have any source of income? (Required)
 Yes No

Go Back Continue

Need help or have feedback?
[Contact us](#)
[Site Policies](#)
© 2019 Commonwealth of Massachusetts

- Apre ou fin reponn tout kesyon yo klike sou "I agree to the Terms" epi tape non ou kòm siyati. Pou w fini, klike sou "Submit Application"



✓ How does applying work?

✓ Initial Application for TAFDC

Sign & submit

Need help or have feedback?

[Contact us](#)

[Site Policies](#)

© 2019 Commonwealth of Massachusetts

Sign & submit

You made it through the form! Now for the easy stuff.

Rights, Responsibilities and Penalties

Notice of Rights, Responsibilities and Penalties - Please Read Carefully

I certify that I have read, or have had read to me, the information in this application. My answers to the questions in this application are true and complete to the best of my knowledge. I also certify that information I provide to the Department during the application interview and in the future will also be true and complete to the best of my knowledge. I understand that giving false or misleading information is fraud. I also understand that misrepresenting or withholding facts to establish SNAP eligibility is fraud. This results in an Intentional Program Violation (IPV) and is punishable by civil and criminal penalties.

I agree to the terms

Sign your application by typing your full name below

Mark Rossi |

Go Back

Submit application

- Si ou soumèt aplikasyon an avèk siksè, ou ta dwe rive nan yon paj konfimasyon ki sanble ak sa a:



✓ How does applying work?

✓ Initial Application for TAFDC

Sign & submit

Need help or have feedback?

[Contact us](#)

[Site Policies](#)

© 2019 Commonwealth of Massachusetts

English

Your TAFDC application has been submitted!

Your application number is 136802. You can also reach out to Quincy TAO - DTA at (617) 249-8200

What's Next?

- The DTA will reach out to you within the next 5 days.

Exit

Kisa k ap vin apre?

Après ou fin soumèt aplikasyon TAFDC ou ta dwe espere yon apèl nan telefòn nan men yon travayè DTA nan lesplas 5 jou. Travayè DTA a ap rele ou nan menm nimewo telefòn ou te bay nan aplikasyon an.

Lè travayè DTA a apèl ou, yo pral mande w plis enfòmasyon sou:

- Sityasyon imigrasyon (Kiben/Ayisyen ki Antre)

- Manm fanmi an (non, dat nesans, sitwayènte, elatriye)
- Sous revni ak depans lojman (si genyen)

Tanpri, dwe egzak ke posib lè ou bay enfòmasyon. **Peye atansyon a òtograf epi dat yo.**

Pandan apèl telefònik la, mande travayè DTA a bagay sa yo:

- **nimewo ID AJANS ou;**
- **non ak nimewo telefòn travayè DTA ki deziyen pou okipe dosye w la; epi**
- **“9 - 9 nimewo a” (“nimewo nèf nèf), ” yo rele tou “nimewo sekirite sosyal fantòm,” ke DTA deziyen pou ou menm. Nimewo sa a pral ranplase tanporèman Nimewo Sekirite Sosyal nan sistèm DTA a jiskaske ou kalifye pou aplike pou yon Nimewo Sekirite Sosyal reyèl.**

Di travayè DTA a ke ou bezwen “nimewo 9 -9” la yon fason pou w kapab soumèt dokiman ke yo mande w yo. EKRI NIMEWO SA YO SOU PAPYE!!

Après entèvyou nan telefòn lan ou pral kòmanse resevwa detwa lèt nan men DTA pa lapòs. Li vrèman enpòtan ke non ou sou bwat a lèt kay la. Li vrèman enpòtan ke ou konprann sa yo di nan lèt yo oswa kisa yo mande pou w fè. Gen Sèvis tradiksyon disponib nan lang ou, atravè DTA, si ou rele nimewo ke yo bay nan yon feyè ki anndan lèt ke ou te resevwa yo nan men DTA.

DTA a kapab pran jiska 30 jou pou trete aplikasyon w lan. Chak moun nan fwaye ou ki apwouve pou TAFDC pral otomatikman apwouve pou SNAP ansanm ak MassHealth, tou.

Si ou resevwa yon lèt refi nan men DTA, tanpri kontakte Charite Katolik nou yo/Jesyonè Dosye w la epi voye yon kopi lèt refi DTA a bay khiet_dang@ccab.org

Soumèt Dokiman bay DTA a

- DTA a pral egzije ke ou soumèt dokiman pou verifye sèten enfòmasyon esansyèl pou yo ka konfime kalifikasyon w pou benefis yo.
- Ou ka soumèt dokiman yo pa lapòs, faks, an pèsòn nan biwo lokal DTA w la, oswa atravè kont DTA-Connect ou sou entènèt oswa sou app mobil DTA-Connect (ki disponib pou telechaje gratis sou Apple or Google Play stores). Si ou soumèt dokiman pa faks oswa pa lapòs, ou oblije ekri nimewo ID Ajans DTA ou oswa “nimewo 9-9” sou tèt chak paj ou voye.

- Lè DTA a rele w, yo va ba ou plis enstriksyon sou fason pou w soumèt dokiman yo bay DTA a. Epitou, ou pral resevwa yon lèt nan men DTA, ki rele yon “Verification Checklist,” (Lis verifikasyon), ki pral ba ou enstriksyon alekri sou fason pou w soumèt dokiman yo.

Ou dwe soumèt kopi dokiman sa yo ki masyone a yon fason pou aplikasyon TAFDC w la kapab apwouve:

Verifikasyon Idantite ak Dat Nesans: paspò a, lisans chofè, **oswa** batistè pou tout granmoun ki abite nan fwaye ou

Verifikasyon Siyasyon “Kiben/Ayisyen” ki kalifye pou Benefis ou yo: (pou chak manm fanmi an)

- (1) yon dokiman ki montre ke ou gen sitwayènte oswa nasyonalite Kiben oswa Ayisyen (pa egzanp, yon Paspò Ayisyen, Lisans Chofè, oswa Batistè);

epi swa

- (2)(a) dokiman ou te resevwa yo lè ou te lage nan prizon DHS sou fwontyè a (pa egzanp: Fòmilè I-862 DHS *Avi pou parèt ak/oswa Fòmilè I-220A DHS Lage sou Pwòp Rekonesans*);

oswa

- (2)(b) yon dokiman ki montre ke ou te depoze yon aplikasyon pou azil (pa egzanp: Fòmilè I-797 DHS, *Avi sou Aksyon/ Resi Akize de Resepsyon Aplikasyon pou Azil*).

Verifikasyon relasyon ou menm ak pitit ou yo: batistè pitit ou yo

Verifikasyon rezidans ou nan Massachusetts: ekri epi siyen yon lèt ki deklare ke w ap viv nan adrès kote ou rete a epi nonmen nenpòt mari oswa madanm oswa timoun k ap viv avèk ou. Oswa ou ka itilize “Shared Housing Verification Form,” (Fòmilè Verifikasyon Lojman Pataje) DTA a, ki dwe siyen pa moun ki nan kay oswa apatman w ap viv la. Fòmilè sa a disponib la:

<https://eohhs.ehs.state.ma.us/DTA/PolicyOnline/olg%20docs/form/10/vla.pdf>

Dosye Vaksinasyon: pou tout timoun ou yo (li ka soti nan yon lopital andedan oswa andeyò peyi Etazini)

Prèv enskripsyon lekòl: tout timoun ki gen laj pou lekòl ou yo. Li kapab se yon kanè, avi pou orè otobis la, oswa nenpòt lèt ki sòti nan lekòl la ak antèt lekòl la epi non pitit ou a enprime sou li.

Lèt Sèvis ki gen rapò

Gen lòt sous ijans pou jwenn manje ki disponib pou ou pandan w ap tann aplikasyon TAFDC w la apwouve. Men detwa egzanp:

1. Summer Eats by Project Bread
 - 600 sit ete toupatou atravè Massachusetts bay manje gratis pou nenpòt timoun ant 0 a 18 lane. Pa gen egzijans pou enskri oswa pou w montre Idantifikasyon. Pou jwenn yon sit tou

pre ou, ale nan <https://meals4kids.org/find-summer-meal-site> oswa rele 1-800-645-8333
(Project Bread's FoodSource Hotline)

2. Pwogram Nitrisyon pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC)

- Yo bay bon pou manje ki bon pou sante, edikasyon sou nitrisyon, sipò pou bay tete, ansanm ak referans pou swen sante ak lòt sèvis. Timoun ki anba laj 5 lane, nouvo manman, ak fanm ansent yo kalifye. Aplike sou entènèt nan <https://www.mass.gov/forms/apply-for-wic-online> oswa rele 1-800-942-1007. Apre ou fin aplike sou entènèt, yon reprezantan pwogram WIC la ap rele w pou konplete pwosesis aplikasyon an.

3. Bezwen Debaz Divizyon Katolik Charities Boston

- Gen bank alimentè Bezwen Debaz manje Katolik Charities ak sant don ki sitiye nan tout zòn Boston an. Kontakte liy dirèk Bezwen Debaz yo pou plis enfòmasyon, nan rele (617) 506-6628, oswa pa imèl basic_needs@ccab.org.